**Муниципальное бюджетное образовательное учреждение основная общеобразовательная школа им. Созаева Ю.К. с. Урсдон**

| Рассмотрено<br>Руководитель методического объединения учителей | Согласовано<br>Заместитель директора по УВР | Утверждаю<br>Директор школы |
|---|---|---|
| Пех/ Хохоева И.Т.<br>ФИО | ФИО | Дзбоев А.Г.<br>ФИО |
| Протокол №___<br>от «29» 08 2023 г | «01» 09 2023г | Приказ № 756/22<br>от «01» 09 2023 г |

РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

по родному (осетинскому) языку

(наименование учебного курса, предмета, дисциплины, модуля)

ДЛЯ 4 КЛАССА

НА 2023/2024 УЧЕБНЫЙ ГОД

Байсангурова А.В.

(Ф.И.О. учителя-составителя программы)

Урсдон 2023

**Программæйы сæйраг хæйттæ сты:**

-æмбарынгæнæн фыстæг. Æвæрд дзы цæуы предмет ахуыр кæныны сæйраг нысан, йæ бынат, йæ сæйраг хæс иумæйаг педагогикæйы æмæ йæ мидис.

-предмет ахуыр кæныны сæйраг мидис, ома темæты 'хсæн цы сæйрагдæртæ вæййы, уыдонæн хъуамæ фылдæр рæстæг лæвæрд хъуамæ цæуа, иннæтимæ та æрмæст зонгæ хъæуы ахуырдзауты.

-тематикон пълан (сахæтты дих)

-ахуыргæнæг цы фæстиуджытæм æнхъæлмæ кæсы, уыдоны æрфыст.

-литературæ.

## ÆМБАРЫНГÆНÆН ФЫСТÆГ

Программæ арæзт у Республикæ Цæгат Ирыстон – Аланийы иумæйаг æмæ профессионалон ахуырады Ирон æвзаг æмæ литературæйы программæйы бындурыл.

Ирон æвзаг – нæ республикæйы паддзахадон æвзæгтæй иу, ирæтты мадæлон æвзаг. Ирæттæ – Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы титулон наци. Куыд уырыссаг æвзаг, афтæ ирон æвзаг у филологон циклы иу хай æмæ рæзын кæны скъоладзауы коммуникативон културæ, æххуыс ын кæны йæ ныхасы рæзтæн, уæрæх ын кæны йæ дунеæмбарынад æмæ хъомыл кæны ирæтты хуыздæр традицитæ æмæ æгъдæуттыл.

Ирæттæ сæ рæвзæрдæй фæстæмæ аудынц сæ мадæлон æвзагыл, уымæн æмæ æмбарынц: цалынмæ æвзаг цæра, уæдмæ фидар уыдзæн национ културæ, национ хиæмбарынад.

Ног (дыккаг фæлтæры) стандартты домæнтæ сты, цæмæй Уæрæсейы цæрæг алы адæмæн дæр йе ´взаджы кад се ´хсæн бæрзонддæр ист æрцæуа, цæхгæр фæхуыздæр уа йæ ахуыр кæныны хъуыддаг. Уыцы хæстæ та æххæст кæны райдайæн скъола.

Райдайæн скъолайы бындур æвæрд æрцæуы сывæллæтты алывæрсыг рæзтæн. Уымæ гæсгæ ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг арæзт у ахæм нысан æмæ хæстæ сæххæст кæнынмæ:

- хъуамæ сывæллæттæ сæ кæрæдзимæ иронау дзурын сахуыр уой. Уый тыххæй та хъæуы фидар фæлтæрддзинад кæсын, фыссын æмæ хъуыды кæнынæй;

- сывæллæттæ зоной: æхсæнады адæмты ´хсæн ног ахастытæ кǽй ис, иннæ æдæмы хæттыты сывæллæттæ дæр ирон æвзаг кæй ахуыр кæнынц, æмæ сæ уый кæрæдзийыл фидардæр кǽй бǽтты; сæ алыварс цæрæг адæмтимæ хæларæй цæрын кǽй хъǽуы,уый;

- иумæйаг ахуырадон зонындзинæдтæ бæрзонддæр кæнын; ныхасы рæзтыл кусын; фылдæр базонынмæ æмæ интеллект уæрæхдæр кæнынмæ тырнын;

- мадæлон æвзаджы фæрцы сывæллоны алывæрсыгæй хъомыл кæнын;

- райдайæн скъолайы сывæллæтты лингвистикон зонындзинæдтæ рæзын кæнын хуымæтæг хуызы, цæмæй кæсын фыссын базоной;

- адæймаджы хъуыздæр миниуджытыл хъомыл кæнын.

- хъазты хуызы сывæллæтты эмоционалон уавæр рæзын кæнын;

- зонындзинæдтæ фылдæр кæнынмæ тырныдзинад рæзын кæнын.
- Чингуытæм, иннæ ахуырадон предметтæм сæм аудыны цæстæнгас рæзын кæнын.

Скъолайы иннæ ахуырадон предметты 'хсæн ирон æвзаджы нысан у ирон æвзагæй зонындзинæдтæ фылдæр кæнын æмæ сывæллæтты æхсæны культурæ бæрзондæр кæнын:

1-аг нысан – **зонындзинæдтæ фылдæр кæнын.** Ам скъоладзаутæн æмбарын кæнын хъæуы æппæтдунеон наукæйы иу къабаз кæй у, йæ сæйрагдæр хæйтты йын зонын кæй хъæуы; уыцы зонындзинæдты быдурыл та аразын логикон хъуыдыкæнынад.

2-аг нысан – **æхсæны культурæ бæрзонддæр кæнынмæ** хауы скъоладзауты коммуникативон арæхстдзинад, ома дзургæ æмæ фысгæ ныхасы рæзт, монологон æмæ диалогон ныхас, раст æмæ æнæрæдыдæй фыссын. Уыдон иумæ сты адæймаджы иумæйаг культурæйы бæрæггæнæнтæ.

Райдайæн скъолайы ирон æвзаг ахуыр кæныны **нысантæ** сты:

- скъоладзауты раст хъомыл кæнын, сæ хъуыдыкæнынад сын рæзын кæнын; ахуыр сæ кæнын алыварсы дунемæ раст цæстæй кæсыныл, сæ зонындзинæдтæ сын парахатдæр кæнын; мадæлон æвзаг зынаргъ хæзна кæй у, æхсæнады цард йын стыр нысаниуæг кæй ис, уый банкъарын кæнын; ирон æвзагмæ уарзон цæстæй кæсыны, стыр аргъ ын кæныны æнкъарæнтæ гуырын кæнын, хи ныхасы аивдзинадмæ тырныдзинад хъомыл кæнын;

- фæцалх кæнын ирон æвзагæй æрвылбоны царды, ахуыры пайда кæнын; ныхасы архайыны, ныхас æмбарыны, ныхас аразыны арæхстдзинад райрæзын кæнын; ирон æвзаг бацамонын иннæ предмæттæ хуыздæр базонын æмæ бамбарынæн;

- скъоладзаутæн раттын зонындзинæдтæ ирон æвзаджы арæзт, йæ функционалон нысаниуæджы тыххæй; сæ дзырдуат, сæ ныхасы грамматикон арæзт сын фæхъæздыгдæр кæнын; ирон æвзаджы стилистикон æвæрæнтæй, йæ аивгæнæн мадзæлттæй раст пайда кæнын сæ фæцалх кæнын;

- **скъоладзауты фæцалх кæнын** æвзаджы, ныхасы иуæгтæ иртасын, кæрæдзиуыл сæ абарын, къордтыл сæ дих кæнын, ныхасы уавæртæм гæсгæ раст пайда кæнын; текстимæ кусын, текстæй хъæугæ информаци равзарын, текст рацаразын, йæ æрмæг ын раст равæрын;

- ирон æвзагæй, ныхас ыл кæнынæй ахæм **арæхстдзинæдтыл фæцалх уæвын:**

**ныхасы арæхстдзинад** - базонгæ кæнын ныхасы æппæт хуызтимæ дæр, дзургæ æмæ фысгæ ныхасы культурæйы быдуртимæ; фæцалх кæнын æвзагæй бæлвырд ныхасы уавæртæм гæсгæ пайда кæныныл;

**æвзаджы арæхстдзинад** – базонгæ кæнын ирон æвзаджы наукон быдуртимæ, фæцалх кæнын æвзаджы фæзындтытæ æвзарыныл, литературон нормæтæм гæсгæ дзырдтæ, сæ формæтæ æмæ синтаксисон арæзтытæй раст пайда кæнын, ирон æвзаджы синонимон æвæрæнтæй раст пайда кæныныл;

**социокультурон ахадындзинад** - банкъарын мадæлон æвзаджы национ-культурон нысаниуæг, ирон ныхасы этикеты ахадындзинад.

«Ирон æвзаг» куыд ахуырадон предмет скъолайы хъуамæ æххæст кæна, паддзахадон æвзагæн чи æмбæлы, ахæм сæрмагонд хæстæ. Скъоладзауты зонгæ кæна ирон адæмы культурæимæ, рæзын кæна Фыдыбæстæм уарзондзинад.

**Ранымад нысантæ сæххæст кæнынæн æмæ амынд арæхстдзинæдтыл фæцалх кæнынæн скъоладзаутæн хъæуы ахæм зоныдзинæдтæ раттын ирон æвзагæй.**

**Ныхасы арæхстдзинæдтæ**

Ныхас.Ныхас æмæ ныхас кæнын. Дзургæ æмæ фысгæ ныхас. Диалогон æмæ монологон ныхас. Хуымæтæг ныхас æмæ чиныджы ныхас.

Ныхасы сферæтæ æмæ уавæртæ. Ныхасы функционадлон хуызтæ (дзургæ ныхас, функционалон стильтæ: наукон, публицистон, официалон-хъуыддадзжы; аив литературон æвзаг), сæ сæйраг хицæндзинæдтæ. Хуымæтæг ныхасы жанртæ (беседæ, радзырд æмæ а.д.), наукон стилы жанртæ (уацхъуыд, раныхас, рецензи, отзыв, аннотаци, интервью, очерк), официалон-хъуыддаджы стилы жанртæ ( курдиат, расписка, доверенность, резюме). Аив литературон æвзаг.

Ныхасы темæ, йæ нысан æмæ йæ уавæртæм гæсгæ монологон æмæ диалогон ныхас аразыыл фæцалх уæвын. Хуымæтæг ныхасы хицæндзинæдтæ иртасынил фæцалх уæвын, аив литературон æмæ ныхасы функционалон стильты хицæндзинæдтæ.

Ныхасы культурæ. Ныхасы культурæйы критеритæ.

**Ныхасы архæйдтытæ.**

**Дзурын:**

Монологон æмæ диалогон ныхас аразын социалон-культурон, этикон, цардыуаджы æмæ ахуырадон темæтæм гæсгæ. Æвзаджы мадзæлттæй ныыхасы уавæртæ æмæ нысантæм гæсгæ пайда кæнынмæ арæхсын. Дзургæ ныхасы æууæлтæ зонын, хи ныхас аразгæйæ сæм хъус дарын.

**Фыссын:**

Текст бæлвырд, цыбыргонд, æвзаргæ изложенийы хуызы фыссын зонын. Сæ стилистикон ахуырстмæ гæсгæ, жанртæ æмæ функционалон нысанмæ гæсгæ алыхуызон фысгæ ныхас (тезис, конспект, отзыв, рецензи, аннотаци, фыстæг, расписка, доверенность, курдиат; таурæгъон текст, æрфыст, хъуыды-тæрхæттæ) аразын зонын.

**Аудировани (хъусын):**

Дзургæ ныхасы нысан ныхасы уавæртæм гæсгæ æмбарын. Дзургæ ныхас раст æмбарын,

**Кæсын:**

Раст,æмбаргæ æмæ аив кæсын.Чиныгимæ кусын зонын.Сæйраг хæуыды рахицæн кæнынмæ арæхсын.Архæйдтытæ кæрæдзиуыл бабæттын æмæ абарын, анализ сын скæнын.Уацмысы æвзаг æмæ аивадон мадзæлттæ иртасын æмæ сын сæ тых æмбарын.

**Текст:**

Текст куыд ныхасы архайд. Тексты структурæ. Тексты пълан.

Тексты æвзæрст йæ темæ, сæйраг хъуыды, структурæ, хуыз æмæ ныхасы стильмæ гæсгæ. Текстæн пълан аразын. Сæ хуыз, стиль æмæ жанрмæ гæсгæ алыхуызон текстытæ аразын.

**Грамматикæ, растфыссынад æмæ ныхасы рæзтыл куыст.**

**Вазыгджын дзырдтæ.** Иумæйаг æмбарынад вазыгджын дзырдты тыххæй. Арæхдæр цы вазыгджын дзырдтæ æмбæлынц, уыдоны растфыссынады хуымæтæг хуызтæ.

**Ныхасы хæйттæ:**

**Номдар.** Номдарты тасындзæг иууон æмæ бимрæон нымæцты. Номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзтнæдтæ: 1) хъæлæсон **а** æмæ **о**-йы ивынад хъæлæсон **æ**-мæ; 2) бирæон нымæцы фæсæфтуан **т**-йы дывæркæнынад, 3) æмхъæлæсонты къордæй цы дзырдтæ фæвæййынц, уыдоны **т**-йы разæй хъæлæсон **ы**-йы фæзынд. Номдарты растфыссынад.

**Миногон.** Миногонты тасындзæг. Хъуыдыйæдтæ аразгæйæ, сæ хъуыдымæ гæсгæ, хæстæг, стæй ныхмæ чи лæууы, ахæм миногонтæ æвзарын зонын.

**Номивæг.** Цæсгомон номивджытæ, сæ тасындзæг æххæст хуызы. Цæсгомон номивджытæй раст пайда кæнын ныхасы, сæ растфыссынад.

**Мивдисæг.** Мивдисæджы ивынад цæсгæмттæм æмæ нымæцтæм гæсгæ нырыккон, ивгъуыд æмæ суинаг афонты (æргомон здæхæны). Мивдисæджы кæрæтты растфыссынад. Хайыгтæ **нæ** æмæ **нал**-ы растфыссынад мивдисæгимæ.

**Фæрсдзырд.** Иумæйаг æмбарынад. Фæрсдзырдтæ иртасын ахæм фæрстытæм гæсгæ: **кæм?, кæдæм?, кæцæй?, кæд?, куыд?** Арæхдæр чи æмбæлы, уыцы фæрсдзырдты растфыссынад.

**Дзырдуатон куыст**. Хъуыдыйæдтæ æвзаргæйæ, хъуыдымæ гæсгæ æмхуызон кæнæ ныхмæвæрд номдартæ, миногонтæ æмæ мивдисджытæ æвзарын. Хъуыды бæлвырддæр æмæ аивдæр дзырдтæй аразын. Ныхас уыцы иугъæдон дзырдтæй сыгъдæг кæнын.

**Хъуыдыйад**:

Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ бæттæгтæ æмæ, фæлæ, тæ-имæ, стæй æнæ бæттæгтæй. Ранымады интонации; æмхуызон уæнгтæ кæрæдзийæкъæдзыгæй хицæн кæнын; æмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдтæ аразын.

Вазыгджын хъуыдыйадимæ зонгæ кæнын. Бæттæгтæ æмæ, фæлæ, та-йы фæрцы баст вазыгджын хъуыдыйæдтæ аразын зонын. къæдзыг вазыгджын хъуыдыйады.

**Сидæн.** Хъæлæсы уагæй сидæн хъуыдыйады раст кæсын. Сидæн къæдзыг æмæ хъæры нысанæй хицæн кæнын.

**Комкоммæ ныхас**.

Комкоммæ ныхасимæ зонгæ кæнын. Хъуыдыйæдтæ авторы дзырдты фæстæ æвæрд комкоммæ ныхасимæ.

Комкоммæ ныхас хъæлæсы уагæй хицæн кæнын зонын. æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхасимæ (дыстъæлф, дыкъæдзыгтæ). Комкоммæ ныхас кæм уа, ахæм хъуыдыйæдтæ аразын.

**Афæдзы дæргъы цы æрмæг ахуыр кодтой, уый фæлхат кæнын.**

1. **Ныхасы рæзтыл куыст.** Цы æрмæг бакастысты, уымæн пълан аразын. Текст (70-90 дзырды) сæрмагонд пъланмæ гæсгæ бæстон æмæ цыбырæй хи ныхæстæй дзурын, йæ формæ йын ивгæйæ (цæсгом, афон, комкоммæ ныхас æмæ æнд.).нывмæ гæсгæ радзырд ныффыссын. Фыстæг ныффыссын æмбалмæ, хæстæгмæ. Исты цау кæнæ фæзынд чысыл радзырды хуызы ныффыссын. Къласы, скъолайы цардæй къулы газетмæ уацхъуыд фыссын (ома, публицистон стилæй пайда кæнын).
2. **Сыгъдæгфыссынад**. Иухаххон тетрады рæсугъд, раст æмæ тагъд фыссын ахуыр кæнын.
3.

# Къалендарон- тематикон пълан

| Хай | Нымæц | Сах. нымæц | Урочы темæ | Универсалон ахуырадон архæйдтытæ | Урочы тип | Равзаринаг фарстатæ | Скъоладзауты зонындзинæдтæм домæнтæ |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | 1 | **Мыртæ æмæ дамгъæтæ** | **Зонындзинадтæ райсынил архайд (познавательные)**:<br>информаци агурын чиныджы, таблицæты, иллюстрациты, схемæты, компьютеры. Анализ кæнын (сæйраг хъуыды хицæн кæнын, цæмæй арæзт у), хатдзæгтæ кæнын фактты бындурыл.<br>Фæзындтæ æмæ фактæ къордтыл дих кæнын.<br>**информаци аразын (пъланы, тексты, таблицæйы, схемæйы хуызы).** | **Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын** | **Зылангон æмæ æзылангон æмхъæлæсонтæ** | **Зонын:** мыртæ дих кæнын (хъæл. æмхъ,; зыл., æзыл.;<br>**Арæхсын:** сырон-дамгъон анализ кæнынмæ; дзырд уæнгтыл дих кæнынмæ; иу рæнхъæй иннæмæ хæссынмæ. |
| 2 | | 1 | **Алфавит** | | **Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын кæнын** | **Ирон æвзаджы алфавит** | Зонын**:ирон алфавиты дамгъæты рæнхъæвæрд**<br>Арæхсын: **алфавитмæ гæсгæ номхыгъд ныффыссын** |
| 3 | | 1 | **Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ. Цавд** | | **Рацыд æрмæг зæрдыл æрлæууын** | **Дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ æмæ сæ растфыссынад.Цавд.** | Зонын**: раиртæст**<br>Арæхсын: **дæргъвæтин æмхъæлæсонтæ цы** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | **кæнын** | **Цавдон уæнгтæ** | **дзырдты ис, уыдон раст фыссынмæ; дзырдты цавдон уæнг сбæрæг кæнын** |
| 4 | | 1 | **Вазыгджын дзырдтæ** | **Зонындзинадтæ райсынил архайд (познавательные)**:<br>информаци агурын чиныджы, таблицæты, иллюстрациты, схемæты, компьютеры. Анализ кæнын (сæйраг хъуыды хицæн кæнын, цæмæй арæзт у), хатдзæгтæ кæнын факты бындурыл.<br>Фæзындтæ æмæ фактæ къордтыл дих кæнын.<br>**информаци аразын (пъланы, тексты, таблицæйы, схемæйы хуызы).** | **Ног æрмæг.** | **Иумæйаг æмбарынад вазыгджын дзырдтæй. Сæ растфыссынад** | Зонын**: вазыгджын дзырдты тыххæй раиртæст**<br>**Арæхсын: вазыгджын дзырдтæ раст фыссынмæ** |
| 5 | | 1 | **Вазыгджын дзырдтæ** | **Зонындзинадтæ райсынил архайд (познавательные)**:<br>информаци агурын чиныджы, таблицæты, иллюстрациты, схемæты, компьютеры. Анализ кæнын (сæйраг хъуыды хицæн кæнын, цæмæй арæзт у), хатдзæгтæ кæнын факты бындурыл.<br>Фæзындтæ æмæ фактæ къордтыл дих кæнын.<br>**информаци аразын (пъланы, тексты, таблицæйы, схемæйы хуызы).** | **Ног æрмæг** | **Иумæйаг æмбарынад вазыгджын дзырдтæй. Сæ растфыссынад** | Зонын**: вазыгджын дзырдты тыххæй раиртæст**<br>Арæхсын: **вазыгджын дзырдтæ раст фыссынмæ** |
| 6 | | 1 | **Диктант** | Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | Рефлекси. Контролон урок. | | |
| 7 | | 1 | **Рæдыдтытыл куыст** | Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | | | Арæхсын: **вазыгджын дзырдтæ раст фыссынмæ, рæдыд раст кæнынмæ** |
| 8 | | 1 | **Номдар Номдарты ивынад** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг | **Ног æрмæг** | **Номдары иумæйаг æмбарынад. Номдарты ивынад** | Зонын**: раиртæст**<br>Арæхсын**: номдартæ иннæ ныхасы хæйттæй** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | **хауæнтæм гæсгæ** | адæймагæй хицæн кæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддæгтæй хорз кæнæ æвзæр рахонæн кæцыйæн ис,уый æмбарын(афтæ хи хъуыддæгтæн дæр).<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br><br>Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæдзурын.<br><br>Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын,æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br><br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын.<br><br>Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын.<br><br>**Хи æвзæр миниуджытæ зонын æмæ сын дзуапп дæттын(хи æфхæрын зонын, искæйы æфхæрд æмбарын дæхи раконд æвзæр хъуыддаджы тыххæй)** | | **хауæнтæм гæсгæ.** | **иртасын фæрстыты руадж9** |
| **9** | | **1** | **Номдарты тасындзæг. Номон хауæн** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br><br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br><br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.<br><br>Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br><br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст | **Ног æрмæг** | **Фæрстытæм æмæ кæрæттæм гæсгæ номдарты хауæнты хуызтæ бæрæг кæнын.** | Зонын: **хауæнтæ**<br><br>Арæхсын**:номдартæ тасындзæг кæнынмæ иууон æмæ бирæон нымæцы.** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | кæнын.<br>Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | | | |
| | | | | **Коммуникативон универсалон архайд:**<br>Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br>Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын.<br>Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты авторимæ диалогы цæуын).<br>Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ тексттæ аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ).<br>Коммуникативон хæстæ сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын.<br>Къæйтты,къордты кусын(лидеры, критикы, æххæстгæнæджы ролы).<br>Конфликттæ мынæг кæнын, баныхас кæнын зонын, барын. | | | |
| 10 | | 1 | **Гуырынон хауæн** | Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.<br>Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | **Ног æрмæг** | **Фæрстытæ кæй? цæй?** | Зонын: **гуырынон хауæны фæрстытæ**<br>Арæхсын**: гуырынон хауæны фæрстытæй раст пайда кæнынмæ** |
| 11 | | 1 | **Дæттынон хауæн** | Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты | **Ног æрмæг** | **Кæмæн? Цæмæн?** | Зонын: **дæттынон** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | авторимæ диалогы цæуын).<br><br>Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ тексттæ аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ).<br><br>Коммуникативон хæстæ сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын.<br><br>Къæйтты,къордты кусын(лидеры, критикы, æххæстгæнæджы ролы). | | | **хауæны фæрстытæ**<br><br>Арæхсын: **гуырынон хауæны фæрстытæй** |
| 12 | | 1 | **Арæзтон хауæн** | Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br><br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.<br><br>Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | **Ног æрмæг** | **Кæмæ? Цæмæ?** | Зонын: **арæзтон хауæны фæрстытæ**<br><br>Арæхсын: **арæзтон хауæны фæрстытæй раст пайда кæнынмæ** |
| 13 | | 1 | **Иртæстон хауæн** | Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br><br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.<br><br>Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | **Ног æрмæг** | **Кæмæй? Цæмæй?** | Зонын: **иртæстон хауæны фæрстытæ**<br><br>Арæхсын**: арæзтон хауæны фæрстытæй раст пайда кæнынмæ** |
| 14 | | 1 | **Æддæгбынатон хауæн** | Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты авторимæ диалогы цæуын).<br><br>Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ тексттæ аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ).<br><br>Коммуникативон хæстæ сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын. | **Ног æрмæг** | **Кæуыл? Цæуыл?** | Зонын**:æддæгбынатон хауæны фæрстытæ**<br><br>Арæхсын: **æддæгбынатон хауæны фæрстытæ раст пайда кæнынмæ** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 15 | | 1 | **Цæдисон хауæн** | Къæйтты,къордты кусын(лидеры, критики, æххæстгæнæджы ролы). | **Ног æрмæг** | **Кæимæ? Цæимæ?** | Зонын:**цæдисон хауæны фæрстытæ**<br>Арæхсын**: цæдисон хауæны фæрстытæй раст пайда кæнынмæ** |
| 16 | | 1 | **Контролон диктант** | Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактæй æххæст кæнын.<br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыдджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br>**Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын.** | **Ног æрмæг** | **Кæйау? Цæйау?** | Зонын: **хуызæнон хауæны фæрстытæ**<br>Арæхсын**: цæдисон хауæны фæрстытæй раст пайда кæнынмæ** |
| 17 | | 1 | **Радыдтытыл куыст.**<br>**Хуызæнон хауæн** | Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ фактæй æххæст кæнын.<br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыдджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br>**Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын.** | **Фæлхат кæныны урок** | **Номдарты растфыссынад** | Зонын**: хауæнтæ**<br>Арæхсын**: номдарты кæрæттæ хауæнтæм гæсгæ раст фыссын.** |
| 18 | | 1 | **Номдарты бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ** | Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын,æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын.<br>**Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын.** | **Ног æрмæг** | **Н. бирæон нымæцы арæзты хицæндзинæдтæ. Хъæлæсон а æмæ о-йы ивынад а-мæ. Брæон нымæцы фæсæфтуан т-йы дывæркæнынад.** | Зонын: **номдартæ нымæцтæм гæсгæ ивын.**<br>Арæхсын**: бирæон нымæцы номдартæй раст пайда кæнынмæ.** |
| 19 | | 1 | **Номдарты растфыссынад** | | **Ног æрмæг** | | Зонын: **Номдарты растфыссынад.**<br>Арæхсын**: номдартæй раст пайда кæнынмæ.** |
| | | 1 | **Номдар фæлхат кæнын** | | **Рефлекси.** | | Зонын: **номдартæ хауæнтæм гæсгæ ивын.** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **20** | | | | | | | **Арæхсын: бираеон нымæцы номдартæй раст пайда кæнынмæ.** |
| **21** | | **1** | **Диктант** | | **Рефлекси, контролон урок** | | |
| **22** | | **1** | **Рæдыдтытыл куыст** | | | | |
| **23**<br><br>**24** | | **2** | **Миногон** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддæгтæй хорз кæнæ æвзæр рахонæн кæцыйæн ис,уый æмбарын(афтæ хи хъуыддæгтæн дæр).<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br><br>Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæдзурын.<br><br>Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын,æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br><br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын.<br><br>Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын.<br><br>**Хи æвзæр миниуджытæ зонын æмæ сын дзуапп дæттын(хи æфхæрын зонын, искæйы æфхæрд æмбарын дæхи раконд æвзæр хъуыддаджы тыххæй)** | **Ног æрмæг** | **Миногоны иумæйаг æмбарынад.** | Зонын: **раиртæст**<br><br>Арæхсын**: миногон фæрстытæм гæсгæ иннæ ныхасы хæйттæй иртасын** |
| **25** | | **1** | **Миногонты** | **Регулятивон универсалон архайд:** | **Ног æрмæг** | **Миногонты** | Зонын: раиртæст |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | **тасындзæг** | Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.<br>Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.<br>Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын. | | **тасындзæг. Синонимтæ æмæ антонимтæ** | Арæхсын**: миногонтæ тасындзæг æкнын** |
| **26**<br><br>**27**<br>**28** | | **1**<br><br>**1** | **Контролон диктант**<br><br>**Номивæг Цæсгомон номивджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Номивæджы иумæйаг æмбарынад** | Зонын: **раиртæст**<br>Арæхсын**: цæсгомон номивджытæ** |
| **29** | | **1** | **Цæсгомон номивджыты тасындзæг** | Хи хъуыдытæ искæмæн дзурын, аргументтæ æмæ сæ факттæй æххæст кæнын.<br>Хи хъуыдытæ аивынмæ цæттæ уæвын, контр аргумент тыхджындæр куы рауайа, уæд. Критикон цæстæнгас химæ.<br>Диалогы архайын: Искæмæ хъусын æмæ йæ фехъусын.<br>Æндæр искæйы позици æмбарын(тексты авторимæ диалогы цæуын).<br>Алыхуызон хæстæ сæххæст кæныны тыххæй фысгæ æмæ дзургæ текстæ аразын (хибарæй æмæ ахуыргæнæгимæ).<br>Коммуникативон хæстæ сæххæст кæнынæн алыхуызы ныхасы ситуацитæ аразын.<br>Къæйтты,къордты кусын(лидеры, критикы, æххæстгæнæджы ролы). | **Ног æрмæг** | **Цæсгомон номивджыты тасындзæг. Цæсгомон номивджыты цыбыр формæтæ.** | Зонын:<br>Арæхсын**: номивджытæ тасындзæг кæнын** |
| **30** | | **1** | **Диктант** | | **Фæлхат кæныны урок** | **Цæсгомон номивджыты растфыссынад** | Зонын:<br>Арæхсын**: номивджытæ раст фыссын** |
| **31** | | **1** | **Мивдисæг. Мивдисæджы афонтæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы иуæйаг æмбарынад. Мивдисæджы афонтæ** | Зонын: **раиртæст**<br>Арæхсын**: мивд. иннæ ныхасы хæйттæй иртасын** |
| **32** | | **1** | **Мивдисæджы** | **Удгоймагон универсалон архайд** | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы иуæйаг** | Зонын: **раиртæст** |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | **ивынад нымæцтæм гæсгæ** | **(личностные):**<br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br>Адæймаджы раконд хъуыддæгтæй хорз кæнæ æвзæр рахонæн кæцыйæн ис,уый æмбарын(афтæ хи хъуыддæгтæн дæр).<br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br>Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæдзурын.<br>Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын,æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын.<br>**Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын.** | | **æмбарынад. Мивдисæджы нымæцтæ** | Арæхсын**: мивд. иннæ ныхасы хæйттæй иртасын** |
| 33 | | 1 | **Мивдисæджы ивынад цæсгæмттæм гæсгæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы иуæйаг æмбарынад. Мивдисæджы цæсгæмттæ** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын**: мивдисджытæ ивын нымæцтæм гæсгæ** |
| 34 | | 1 | **Нырыккон афоны 1 аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын**: мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 35 | | 1 | **Нырыккон афоны 2 аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 36 | | 1 | **Нырыккон афоны 3аг цæсгомы мивдисджытæ** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.<br>Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын. | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 37 | | 1 | **Ивгъуыд афоны 1 аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 38 | | 1 | **Ивгъуыд афоны 2аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ, афонтæ.** | Зонын: **ивгъуыд афоны 2аг цæсгомы мивдисджыты растфыссынад**<br>Арæхсын: **ивгъуыд** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | **Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын.** | | | **афоны 2аг цæсгомы мивдисджыты** |
| 39 | | | **Ивгъуыд афоны 3аг цæсгомы мивдисджытæ** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br><br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.<br>Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.<br>**Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын.** | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ, афонтæ.** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 40 | | | **Суинаг афоны 1 аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ, афонтæ.** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 41 | | | **Суинаг афоны 2 аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ, афонтæ.** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 42 | | | **Суинаг афоны 3аг цæсгомы мивдисджытæ** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ, афонтæ.** | Зонын: раиртæст<br>Арæхсын: **мивдисджытæ ивын цæсгæмтттæм гæсгæ** |
| 43 | | 1 | **Мивдисджыты кæрæтты растфыссынад** | | **Ног æрмæг** | **Мивдисæджы цæсгæмттæ, афонтæ.** | Зонын:**раиртæст мивдисджытæ раст фыссынады тыххæй.**<br>Арæхсын**: мивдисджытæ раст фыссынмæ** |
| 44 | | 1 | **Мивдисæг фæлхат кæнын** | | **Рефлекси.** | **Мивдисджыты растфыссынад** | Зонын:**раиртæст мивдисджытæ раст фыссынады тыххæй.**<br>Арæхсын**: мивдисджытæ раст фыссынмæ** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **45**<br><br>**46** | | **1**<br><br>**1** | **Фæрсдзырд**<br><br>**Хъуыдыйад** | **Регулятивон универсалон архайд:**<br><br>Нысан æвæрын, проблемæ агурын æмæ æвæрын (урокæн, проектæн) ахуыргæнæгимæ æмæ хибарæй.<br><br>Нысан сæххæст кæныны фæрæзтæ агурын къордты кусгæйæ, кæнæ ахуыргæнæджы æххуысæй.<br><br>Ахуыргæнæджы æххуысæй кæнæ хибарæй архайдæн пълан аразын.<br><br>Пъланмæ гæсгæ кусын, нысанимæ йæ барын, рæдыдтæ агурын æмæ сæ раст кæнын.<br><br>**Критеритæм гæсгæ нысан сæххæст кæныны къæпхæн сбæрæг кæнын.** | **Рефлекси** | **Фæрсдзырдты иумæйаг æмбарынад. Ф.иртасын фæрстытæм гæсгæ**<br><br>**Хъуыдыйады тыххæй æмбарынад. Дзырдты рæнхъæвæрд хъуыдыйады** | Зонын:**раиртæст мивдисджытæ раст фыссынады тыххæй.** |
| **47** | | **1** | **Хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ** | | | **Хъ.æмхуызон уæнгтæ бæттæгтимæ æмæ æнæ бæттæгтæй.** | Зонын:**раиртæст**<br><br>Арæхсын**: хъуыдыйæдтæ æмхуызон уæнгтимæ аразынмæ, æрхæцæн нысæнттæ дзы раст æвæрынмæ** |
| **48**<br><br>**49** | | **1**<br><br>**1** | **Вазыгджын хъуыдыйад**<br><br>**Афæзы контролон куыст (диктант)** | **Удгоймагон универсалон архайд (личностные):**<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддаг адæймагæй хицæн кæнын зонын, алыхуызон ситуациты йын аргъ кæнын зонын.<br><br>Адæймаджы раконд хъуыддæгтæй хорз кæнæ æвзæр рахонæн кæцыйæн ис,уый æмбарын(афтæ хи хъуыддæгтæн дæр).<br><br>Хи хорз, кæнæ æвзæр миниуджытыл сæттын æмæ сæ æмбарын.<br><br>Дæ райгуырæн бæстæимæ,Уæрæсеимæ дæ цы бæтты, уыцы миниуджытæ зонын æмæ сæдзурын. | **Ног æрмæг** | **Фæрсдзырдты иумæйаг æмбарынад. Ф.иртасын фæрстытæм гæсгæ** | Зонын: **раиртæст**<br><br>Арæхсын**: фæрсдзырд иннæ ныхасы хæйттæй иртасынмæ** |
| **50** | | **1** | **Сидæн** | | **Фæлхат кæныны урок** | **Сидæн. Æрхæцæн нысæнттæ сидæнимæ.** | Зонын: **раиртæст**<br><br>Арæхсын**: сидæнимæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ.** |
| **51**<br><br>**52** | | **2** | **Комкоммæ ныхас** | | **Ног æрмæг** | **К.н. иумæйаг æмбарынад. Æрхæцæн нысæнттæ комкоммæ ныхас** | Зонын: **раиртæст**<br><br>**Арæхсын: комкоммæ ныхас хъæлæсы уагæй** |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Дæхи хуызæн чи нæу, ахæм адæмимæ дзурын зонын,æндæр адæмы хæттыты минæвæрттæн аргъ кæнын.<br>Иумæйаг хи дарыны æгъдæуттæй пайда кæнын зонын, конфликттæй хи хъахъхъæнын.<br>**Алыхуызон ситуациты хи дарыны æгъдæуттæ æвзарын зонын.** | | **кæм ис, ахæм хъуыдыйады** | **раст кæсынмæ.** |
| | | | | | | | |
| | | | | | | | |

**Цыппæрæм къласы ахуыры азы кæронмæ ахуырдзаутæ хъуамæ зоной:**

-вазыгджын дзырдты тыххæй æмбарынад;

-ныхасы хæйтты нысаниуæгтæ æмæ сæ грамматиконæууæлтæ: номдар, миногон, номивæг, фæрсдзырд;

-хъуыдыйады æмхуызон уæнгтæ

**æмæ арæхсой:**

-орфографион æмæ каллиграфион æгъдауæй 70-80 дзырдæй арæзт текст раст фыссын;

-номдартæ тасындзæг кæнын;

-миногонты тасындзæджы хицæндзинæдтæ иртасынмæ;

-цæсгомон номивджытæй ныхасы раст пайда кæнынмæ;

-мивдисджытæ ифтындзæг кæнынмæ;

-фæрсдзырдтæ фæрстытæм гæсгæ иртасынмæ;

Æмхуызон уæнгтимæ хъуыдыйæдтæ аразынмæ;.